

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Udagan dina ieu panalungtikan nyaéta ngébréhkeun struktur lahir (wirahma, simbol atawa lambang, padalisan jeung pada, imaji, jeung gaya basa), struktur batin (téma, rasa, nada, jeung amanat) ajén agama (aqidah, ibadah, jeung ahlak) nu aya dina rumpaka tembang Cigawiran karya Raden Iyet Dimiyati. Téori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta struktural jeung ajén agama. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis, kalayan ngagunakeun téhnik studi pustaka.

Struktur tembang, nyoko kana struktur puisi anu ngawengku: (1) wirahma (pedotan jeung purwakanti), kapanggih aya pedotan 4-4, 4-2-2, 2-2-4, 3-2-3, jeung 2-2-2-2, anu hartina ieu tembang bakal genah saupama ditembangkeun lantaran ngalarapkeun pola pedotan anu henteu matak kagok. Perkara purwakanti, anu kapanggih dina ieu rumpaka aya purwakanti larasmadya, purwakanti laraswekas, purwakanti pangluyu, purwakanti laraspurwa, purwakanti margaluyu, purwakanti mindoankawit, purwakanti cakraswara, jeung purwakanti mindoanwekas. (2) simbol atawa lambang, kapanggih aya tilu simbol dina rumpaka nyaéta simbol kaagamaan, kahirupan, jeung pati. (3) padalisan jeung pada, tina 10 tembang nu dianalisis, anu saluyu jeung patokan pupuh nu digunakeunna nyaéta tembang *Ahli Mayit* (4) imaji, kapanggih lima nyaéta panénjo, pangrungu, pangrasa, pangambeu, jeung pangrampa. (5) gaya basa anu kapanggih dina ieu rumpaka aya 5, nyaéta gaya basa: kadalon (*pléonasmé*), ngupamakeun (*simile*), rarahulan (*hiperbola*), lalandian (*métafora*), jeung mijalama (*personifikasi*).

Perkara ajén agamana, tina 10 tembang nu dianalisis, kapanggih ajén-inajén agamana, nyaéta: tina perkara aqidah: aya 3 rumpaka nu nembrak pisan nuduhkeun iman ka Allah, 1 iman ka Malaikat, 1 iman ka Kitab-kitabna Allah, 2 iman ka Nabi jeung Rasul-Na, 2 iman ka Poé ahir, jeung 1 iman kana Qada jeung

Isna Asri Rahmi, 2018

STRUKTUR JEUNG AJÉN AGAMA

DINA RUMPAKA TEMBANG CIGAWIRAN

KARYA K.R. IYET DIMYATI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Qadar. Perkara ibadah, aya 5 rumpaka anu nembrak pisan nuduhkeun pangéling ngeunaan salat, 6 rumpaka nu nuduhkeun ngeunaan zakat, 2 ngeunaan puasa, jeung 2 ngeunaan Ibadah Haji. Perkara ahlak dina ieu hal ahlak manusa ka Pangéran, aya 1 rumpaka nu nuduhkeun ngeunaan ibadah ka Pangéran, 2 dzikir ka Allah, 2 ngadoa, 1 tawakal, jeung 5 tawadu. Perkara ahlak manusa ka manusa dina ieu hal ahlak ka diri sorangan, kapanggih aya kekecapan dina rumpaka ngeunaan sabar aya 1, jeung syukur aya 1. Perkara ahlak ka indung bapa, kapanggih aya 2.

Rumpaka tembang Cigawiran minangka sastra buhun nu masih dipupusti ku masarakat pangrojongna. Ieu rumpaka tembang Cigawiran téh kacida euyeubna ku ajén-inajén nu aya patalina jeung agama Islam tur bisa jadi pieunteungeun sangkan salamet nyorang kahirupan boh di dunya, boh di ahérat.

Kacindekanana, rumpaka Tembang Cigawiran karya Raden Iyet Dimiyati kawangun ku struktur nu padu jeung kacida hadéna, ogé kapanggih ajén agama nu euyeub ku ajén-inajén anu méré peupeujeuh sangkan salamet teu nyorang siksa.

5.2 Implikasi

Tembang Cigawiran di wewengkon Garut salasahiji seni anu matak ngirut. Rumpaka anu jadi poko dina tembang miboga ajén inajén anu luhung. Lian ti éta, basa anu dipaké kalintang hadéna. Pikeun ngaguar éta ajén-ajén, aya udagan anu hayang dihontal nyaéta salian ti pungsina salaku hiburan, seni ogé bisa ditingali tina eusi jeung maksudna, hususna rumpaka. Ku cara neuleuman eusi rumpaka, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun maluruh struktur fisik jeung batinna, jeung ajén agama dina rumpaka tembang Cigawiran karya Raden Iyet Dimiyati.

Udagan anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta hayang meunangkeun ajén-inajén anu nyampak dina rumpaka tembang. Salian ti éta, dina ngaguar ajén-inajén ogé, dipiharep bisa jadi tarékah dina ngawanohkeun deui ajén-ajén anu dina jaman kiwari geus mimiti ditinggalkeun. Diguarna deui rumpaka tembang Cigawiran bisa jadi pieunteungeun pikeun hirup kumbuh manusa di jaman kiwari.

Isna Asri Rahmi, 2018

STRUKTUR JEUNG AJÉN AGAMA

DINA RUMPAKA TEMBANG CIGAWIRAN

KARYA K.R. IYET DIMYATI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

5.3 Saran

Dumasar hasil panalungtikan ngeunaan “Struktur jeung Ajén Agama dina Rumpaka Tembang Cigawiran Karya Raden Iyet Dimyati”, aya sababaraha rékomendasi tina ieu panalungtikan. Anapon ébréhanana bisa katitén ieu di handap.

- 1) Rumpaka tembang Cigawiran karya Raden Iyet Dimyati miboga ajén agama anu luhung, ku kituna ieu rumpaka bisa dijadikeun salasahiji bahan ajar pikeun ngaronjatkeun atikan karakter siswa anu luyu jeung karakter sarta étika urang Sunda jeung dina aqidah agama.
- 2) Rumpaka tembang Cigawiran kudu didata jeung didokumentasikeun sangkan henteu bacacar, ku kituna upama aya panalungtik anu nalungtik kana rumpakana henteu hésé pikeun néangan rumpakana; jeung
- 3) Rumpaka Cigawiran kudu diangkat deui éksisténsina sangkan ieu tembang dipikawanoh deui ku masarakat jeung teu kaéréh ku kamekaran jaman.

Tembang Cigawiran mangrupa seni anu matak ngirut upama ditalungtik. Lain ngan saukur haleuangna hungkul, tapi rumpakana ogé miboga kaéndahan sorangan, hususna dina katapisan pangarang rumpaka dina ngolah kekecapanana. Tapi, kaayeunakeun ieu seni téh geus mimiti nyirorot nu mikaresepna. Ku kituna, kudu aya tarékah séjén pikeun régenerasi ieu kesenian sangkan leuwih mupusti deui ieu tembang. Salian ti éta, mudah-mudahan ieu kasenian téh bakal dipikawanoh tur diulik ku generasi ayeuna jeung anu bakal datang.

Isna Asri Rahmi, 2018

STRUKTUR JEUNG AJÉN AGAMA

**DINA RUMPAKA TEMBANG CIGAWIRAN
KARYA K.R. IYET DIMYATI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu